

# Kurambana

## Chinhu Chakashata here?

NaJ. C. Choate



*"... Aninani unorasha mukadzi wake, asi nemhaka yovupombwe, akawana mumwe, unoita vupombwe; nounowana wakarashwa unoita vupombwe"*(Mateo 19.9)

Mupasirino rizere nekukombamara mukuitwa kwemabasa ehupombwe zvinova zvinodzikisira kukosha kwevanano. Pakati pevanhu vazhinji varimunyika, chinhu chakajairika zvakanyanya kuwana munhu achigara nemukadzi vechipiri kana vechitatu, pane kuwana munhu mumwechete zvake anenge akatendeka kumukadzi mumwechete waakatanga kupinda naye muvanano. Chii chinoitika, kana vaviri mukadzi nemurume vakaziva Chokwadi uye nekuteerera Evhangeri, nekuwa pakati pemhuri yalshe?

Pfungwa dzapihwa, muna "Mateo 19:9, dzinoshanda kuMaKritsu bedzi. Apo vanhu vemunyika vainge vasina ruzivo rweBhaibheri. Mwari haana kuwaita kuti vakwanisa kuita misikanzwa kubudikidza nekukanganisa hurongwa hwevanano. Asi zvino, vanokwaniswa kubhabatidzwa, vosukwa zvivi zvavo, kuti vanano yawo ikwanise kuva yakarurama". *Ichi chingava chokwadi here?*

Chii chinonzi chivi? Chivi, kudarika murayiro vaMwari (1 Johane 3:4; VaRoma 4:15. Mhombwe hatingati hadzizive mirayiro yaMwari, asi kuti kushaya hanya kunokonzeresa zvakanyanya kuti vave nemhoswa yekusateerera kana tichiendzanisa neuyo usingatendi unoramba uhwepo hwaMwari. Vose vachawanikwa vachizvimirira munyika ino nenyika inouya.

### **"Hausi pasi pehusungwa..."**

Zvino tinotii pandima iri muna 1 Vakorinte 7 inotaura kuti, "*...Zvino kana usingatendi achienda, ngaende hake; Hama, kana ari murume kana mukadzi, haisungwi nezvakadaro; ...*" (v.15). Chidzidzo chendima yedarika chainge chiri (1) kushanduro yakafanira pamusoro pevanano (2) mvumo yekuroora kune vasina kuroora kana kuroorwa pamwe netsvimborume kana shirikadzi kana vachinge vachikurirwa nemiyedzo yekunzwa kuda bonde. Munhu akaroorwa kana kuroorwa haafanirwe kuramba mumwe vake, asi kana vachinge vaita sokudaro vose havafanirwe kuti vaite imwe vanano zvakare asi kuti vayananiswe, (4) kuroorana kwemutendi nousingatendi

kwakacherechedzwa naMwari uye kwakaitwa kutsvene, zvimwechete mutendi haafanirwe kusiya mumwe vake asingatendi; asi kana asingatendi vatiza, MuKritsu haafanirwe kutadzira Mwari uye kuzvitsvakira mhaka. Nokudaro Mweya Mutsvene, kubudikidza naPauro, hauna kupikisa kutaura kwaJesu muna Mateo 19:9; hapana kupihwa bvumo yekuroora zvakare. Inzwi iri harina kumbobvira rataurwa apa.

Zvino ngaticherechedze pamusoro pekutaura uku, "*Mumwe nomumwe ngaagare pakudanwa kwaakadanwa nako*" (v. 20). Mashoko aya anovanzo shandiswa mukuvharidzira vanano dzehupombwe. Asi pane here patakambonzwa pachitautaurwa kuti muurayi ngaarambe achiuraya? Mbavha irambe ichiba? Mumbunyikidzi vevana arambe achiwambunyikidza? Mupupuri venhema, nemunyei varambe vachipupura manyepo? Mukucherechedza mundima irikuenderera mberi kubva pa20 tinoratidzwa kutaurwa kwezvimiro zvinechekuita nekudzingiswa kana kusadzingiswa kuwe vakasungwa kana vakasununguka \_\_hapana kutaurwa hupenyu hwekurarama mukuita zvakaipa.

**"Hatina muenzaniso unovanikwa muTestamente Itsva unokurudzira vanhu kurambama ...."**

Hamuna, asi tine mitemo inotaura pamusoro pewanano, uye murayiro pamusoro pekutendeuka. Uye tine kutaurwa kunotaurwa muna 1 VaKorinte 6:9-11 "*Ko hamuzivi kuti vasakarama havangagari nhaka yovushe bwaMwari here? Musarashika; nokuti mhombwe, kana vanonamata zvifananidzo, kana vanofeva, kana vakapata, kana vanoita zvakaipa navarume, kana mbavha, kana vanoruchiva, kana vanosinwa doro, kana vatuki, kana makororo, havangagari nhaka yovushe bwaMwari. **Vamwe venyu VAKANGA vakadaro**; asi makashambidzwa, asi makaitwa vatsvene. Asi mukaruramiswa nezita raShe Jesu Kristu, noMweya waMwari wedu". Hama mira kuva muiti veupombwe!*

**"Mwari haaputse imba inemufaro"**

Chinhu chinoshamisa kuti vanhu vanorambira vachisimbira muzvinhu zvinotaridza kuti hawadi kuenda kudenga kana vachinge vafa. Apo, tinonoona vanhu vanotsvaka kuputsa vanano, pasina mhaka pakati pavo dzakaita sehupombwe, kuitira kuti pave

*hupenyu* hwakarurama hunemuenzaniso pakati pevamwe nevana. Chinhu ichi *chakakosha, chinowa chinotarisirwa naMwari!* Kuti vaviri ava zvakare vanokwanisa kushanduka " *mukubva mucchivi*" *vorega kurambana*, kuti vasaparadza "imba yavo ine mufaro", uye nekukonzera kuitika kwezvakaipa kumhuri dzavo! Sei? Kwete nokuda kweruponeso rwusingaperi, *asi pasina* zvapo mhaka zvachose! Ko kufunga kwedu hakushamise here?

## KUCHEMA

Unombozivei? Usinasimba unondinzwira tsitsi achiti, "ndinoshuwa kuti dai Jesu asina kutaura kutaura uku. Ndinoona kuchikuwadza vanhu, uye Ndinoshuwa kuti dai zvaiva nyore kudzima chivi neshoko, kuti zvose zvobva zvaenda. Dai Mateo 19:9, yainge isimo muBhaibheri, dai pasina nyaya pamusoro pekurambana."

Uye unombozivei? Hatizi vekutanga kufunga kufunga kwakadai! Kunyangwe mumashoko akasiiva ataurwa naJesu' achitaurira vadzidzidzisi vake, anosimudza kuitwa kwekuchema: "Sei zvichidaro, kana zvirizvo zvakana kuti tisarooro zvedu!"

Jesu unokukanganisa kana uchinge vakanganisawo kune vamwe. Unoziva here kuti aisada kuita mutemo kunyangwe mumwechete zvavo usinabasa? Asi aiva nemasimba - kunyangwe ani zvake akazviita -*akasataura manzwi aya*. Asi pamwe kunyangwe *ainge Asina* masimba ivayo, nokuti Iye anotsigira kutaura kwake kuti zvivabatsire nemamiriro ainge akaita wanano kubva pakutanga. Pamwe akatorera kubva pahukama hwemukadzi nemurume kubva pakusikwa kwaAdamu naEve, sehwaro yakakodzera yevanana nekuipa kweturambana, sokuti chokwadi chakanaka asi manyepo akaipa \_\_kwete nokuda *kwemutemo yemasanga* asi nokuda *kwemashoko anobereka zvakana nezvakaipa*.

## Asi sei kurambana kuine nyaya zvakanyanya kudaro?

Sei pachipihwa mhosva vanhu vakanaka nokuda kwekuita chikanganiso muvanano. Sezvo munhorondo vanano shoma dzehupombwe dzakaparadzaniswa kuti munhu akwanise nekuva nehupenyu hwakatwasuka kunaMwari, kutaura kwaJesu, hakuna kuwapo **kugadzirise mamiriro ezvino zvakashata**, asi *kudzivirira vanano dzainge*

*dzaparara pakutanga.* Kubudikidza nekugadzirwa kwemitemo yakaoma kudai, Jesu aichengetedza hukama hwemurume nemukadzi, uye imba yake neruchengeto rwevana vake kuti vasawe vanorwadziswa nemufungo isingapere, zvirinyore "pasina mhosva" mukurambana. Anoziva zvinhu zvinoparadza imba yakaputsika ingava iri munharaunda, uye kana kuti zvichinge zvikawanzwa kanosvika kamiriyoni zvekuzvika kuti chikamu cheripakati nepakati pevanano zvinopera kurambana Jesu aiziva zvaizoitika. Cherechedza zvakakukomberedza. Tarisa uone kuti sei Jesu vakarambidza kurambana nekuparara kwerudo mudzimba! Tarisa kushungurudzwa, mhosva, kusavirirana kwemufungo, kutsamwa, ruvengo, uye zvironda zvisingarapike zvizere mudzimba pasirose. Cherechedza uone dzimba dzevanhu vakarambana zvadzakonzeresa munharaunda, zvekuti tsika dzedu dzekutanga dzakusvika pakuraswa, nekushaiwa mitemo yekuzvibata, kuitwa kweunzenza, uye nekuita zvinhu zvisina huMwari pakati pedu.

**Ichokwadi, nyaya pamusoro pedzimba dzakakosha zvakanyanya! Zvose zvemutsa nehupenyu \_\_kunyangwe hupenyu hweMweya \_\_hunovakwa paneyo yeimba! Ndosaka Mwari achiichengetedza nemitemo yakaoma!**